

Materyèl sa a te pwodwi anba Nimewo Sibvansyon SH-39124-SH2 nan Administrasyon Sekirite ak Sante nan Travay, Depatman Travay Etazini. Li pa reflekte opinyon oswa politik Depatman Travay Ameriken an, ni mansyone non komès, pwodwi komèsyal, oswa òganizasyon. Gouvènman Ameriken an pa okouran de sa ki di nan dokiman an.



PALE SOU VYOLASYON SEKIRITE W - SAN LAPERÈZ

Pou koute enfòmasyon sa yo sou videyo, tanpri eskane kòd QR sa a ak kamera telefòn ou.



Farmworker Justice
Justicia Campesina
www.farmworkerjustice.org

Desanm 2023

PALE SOU VYOLASYON SEKIRITE W - SAN LAPERÈZ

Si w remake yon danje nan espas kote ou ye a, rapote sak pase oswa sa ou wè bay sipèvizè w la oswa patwon w lan.

Si patwon w la pa pwoteje w kont danje nan travay ou jan sa nesèsè, ou gen dwa pou w rapòte oswa pote plent pou yo.

Occupational Safety and Health Administration (OSHA) se yon ajans federal ki fè respekte lalwa ki ede anpeche ak pwoteje travayè yo pou yo pa mouri oswa blese grav pandan y ap travay.

KONTAKTE OSHA

Gen 5 fason:

- Telefòn: Rele 1 (800) 321 – 6742.
- Sou Entènèt: Soumèt plent ou sou entènèt bay OSHA nan <https://www.osha.gov/ords/osa7/eComplaintForm.html>
- Fakse oswa imèl: Fakse oswa imèl fòm plent sou entènèt la nan biwo OSHA ki nan lokal ou a. Mete enfòmasyon kontak ou.
- Poste: Voyer yon lèt ki dekri plent ou a bay biwo OSHA ki nan lokal ou a.
- An pèsòn: Vizite biwo OSHA ki nan lokal ou a.

Ou pa gen obligasyon pou pale estati imigrasyon w ak OSHA.